**दिन—मंगलवार** **दिनांक—03.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

ईरान पर इजरायल आ अमेरिकाक संयुक्त सैन्य हमलाक बाद पश्चिम एशिया मे संघर्ष आओर तेज भऽ गेल अछि। युद्धक संकटक बीच मध्य—पूर्वक देश मे फंसल भारतीय नागरिक सभ के स्वदेश वापस अनबाक लेल लगातार प्रयास कयल जा रहल अछि। एयर इंडियाक एक विमान आइ दुबई मे फसल एक सय उनचास भारतीय के लऽकऽ दिल्ली हवाई अड्डा पर उतरल। एयर इंडिया सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलक जे विमान मे आठ क्रू सदस्य सेहो छलाह। एम्हर राज्य सरकार प्रवासी बिहार सभक मददि के लेल विशेष हेल्पलाइन नंबर— **सात दू एक सात सात आठ आठ एक एक चारि** जारी कयलक अछि। ई हेल्पलाइन सेवा श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण विभागक दिस सँ नव दिल्ली स्थित बिहार भवन मे आरंभ कयल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे भारत अपन मजगूत अर्थव्यवस्थाक संग विश्वक लेल आशाक ज्योति बनल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी बजटक बाद आयोजित वेबिनार— **आर्थिक विकास को सतत और सुदृढ़ बनाना** के वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यमे संबोधित करैत कहलनि जे तीव्र आर्थिक विकास भारतक दृष्टिकोण के साकार करबाक आधार बनि गेल अछि।

---

राज्यसभा चुनावक लेल भारतीय जनता पार्टी अपन उम्मीदवारक सूची जारी कऽ देलक अछि। सूचीक अनुसार भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन आ शिवेश कुमार बिहार सँ पार्टीक उम्मीदवार होयताह। एम्हर एनडीए पांचम सीटक लेल रालोमो अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहाक नाम निश्चित कऽ देलक अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे रालोमो अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा पांच मार्च कऽ अपन नामांकन पत्र भरताह। एहि सँ पहिने श्री कुशवाहा आइ नव दिल्ली मे गृहमंत्री अमित शाह सँ भेट कयलनि। एहि दरमियान राज्यसभा चुनाव के लऽकऽ चर्चा भेल।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के पुत्र निशांत कुमार के राजनीति मे प्रवेशक संकेतक मध्य जदयू नेता सभ एहि के स्वागत कयलनि अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे शीघ्रहि निशांत कुमार सक्रिय राजनीति मे औताह। ओतहि, पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा कहलनि जे पार्टीक भीतर सभक यैह भावना अछि जे निशांत सक्रिय राजनीति मे आबथि। एम्हर, पंचायतीराज मंत्री आ रालोमो नेता दीपक प्रकाश सेहो निशांत कुमार के सक्रिय राजनीति मे अयबाक बातक लेल स्वागत कयलनि अछि।

———————————————————————————

नेपाल मे पांच मार्च कऽ होबऽवला संसदीय चुनाव के लऽकऽ भारत–नेपाल सीमा पर चौकसी बढ़ा देलक अछि। सीमा पर सामान्य परिचालन आ लोक सभक आवाजाही सोम दिन आधा राति सँ चुनावक समाप्ति धरि प्रतिबंधित कऽ देल गेल अछि। यद्यपि एहि दरमियान आवश्यक सेवा जारी रहल। नेपाल सशस्त्र पुलिस बलक प्रवक्ता डीआईजी विष्णु प्रसाद भट्ट जनौलनि जे भारतक सशस्त्र सीमा बल–एसएसबीक संग तालमेल बना कऽ सीमा पर कड़गर चौकसी कऽ रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला वर्ष सितंबर मे नेपाल मे जेन–जी आंदोलनक बाद के.पी. शर्मा ओलीक नेतृत्ववला सरकार खसि पड़ल छल। ओ सुशीला कार्कीक नेतृत्व मे अंतरिम सरकारक गठन कयल गेल छल।

———————————————————————————

प्रदेशभरि मे होलीक पावनि तिहार काल्हि मनाओल जायत। होली के लऽकऽ उत्सवक वातावरण अछि। मिथिलांचल सहित पूरा प्रदेशक बाजार मे चहल–पहल देखल जा रहल अछि। ठाम–ठाम होली मिलन समारोहक आयोजन सेहो कयल गेल अछि। ओतहि, बेस राति होलिका दहन विधि–विधानक संग संपन्न भेल। लोक सभ उत्साहक संग एहि मे भाग लेलाह।

———————————————————————————

होलीक अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार लोक सभ के होलीक बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

होलीक अवसर पर शांति–व्यवस्था बनाओल रखबाक लेल प्रदेशभरि मे सुरक्षाक कड़गर प्रबंध कयल गेल अछि। अपर पुलिस महानिदेशक पंकज कुमार दराद जनौलनि जे जिला आ अनुमंडल स्तर पर क्विक रिस्पौंस टीम क्यूआरटीक तैनाती कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे संवेदनशील स्थान पर विशेष सतर्कता बरतल जा रहल अछि।

———————————————————————

वर्ष दू हजार छब्बीसक पहिल चंद्र ग्रहण आइ लागल अछि। ग्रहण सांझ पांच बाजि कऽ पचास मिनट पर प्रारंभ भेल आ छओ बाजि कऽ छियालीस मिनट पर समाप्त होयत।

———————————————————————

समाप्त